


Rezime fòmasyon adistans

Pwoteksyon ak pwomosyon sosyal

Laurie Servières
Carlos Maldonado Valera
Randolph Gilbert



Thank you for your interest in this ECLAC publication



Please register if you would like to receive information on our editorial products and activities. When you register, you may specify your particular areas of interest and you will gain access to our products in other formats.

[Register](#)



www.cepal.org/en/publications



www.instagram.com/publicacionesdelacepal



www.facebook.com/publicacionesdelacepal



www.issuu.com/publicacionescepal/stacks



www.cepal.org/es/publicaciones/apps

Dokiman Pwojè

Rezime fòmasyon adistans

Pwoteksyon ak pwomosyon sosyal

Laurie Servières
Carlos Maldonado Valera
Randolph Gilbert



Rezime sa a se Laurie Servières ki fè li, ki se yon konsiltan pou Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC), anba sipèvizyon Carlos Maldonado Valera, ki se yon fonksyonè nan Divizyon devlopman sosyal la nan CEPALC, ansanm avèk Randolph Gilbert, ki se yon fonksyonè nan syèj CEPALC la pou soureyon an, nan vil Meksiko, nan kad yon akò pou yon kolaborasyon biwo Pwogram Alimantè Mondyal la an Ayiti, avèk Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la.

Nasyon Zini ak peyi li reprezante yo pa responsab pou enfòmasyon ki nan lyen yo, oswa kòmantè yo, oswa endikasyon pou lòt sit deyò, ki nan piblikasyon sa a.

Non konpayi yo, oswa non pwodyi ak sèvis komèsyal ki nan dokiman sa a, pa vle di Nasyon Zini ak peyi li reprezante yo apwouve yo.

Opinyon ki nan dokiman sa a, ki se tradiksyon yon tèks orijinal ki nan lang franse, men ki pa pase nan koreksyon editoryal, se responsablite otè yo sèlman. Yo gendwa pa koresponn avèk opinyon Òganizasyon an oswa peyi li reprezante yo.

Piblikasyon Nasyonzini

LC/TS.2023/183

Distribisyon: L

Copyright © Nations Unies, 2024

Tout dwa rezève

Enpresyon nan Nasyonzini, Santiago

S.23-01061

Men kijan pou yo site piblikasyon sa a: L. Servières, C. Maldonado ak R. Gilbert, "Rezime fòmasyon adistans: Pwoteksyon ak pwomosyon sosyal", *Dokiman pwajè* (LC/TS.2023/183), Santiago, Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib (CEPALC), 2024.

Pou nou kopye tout oswa yon pati nan travay sa a, nou kapab jwenn otorizasyon nan men Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC), nan Divizyon dokiman ak piblikasyon yo, nan adrès publicaciones.cepal@un.org. Peyi ki manm Nasyonzini yo, avèk enstitisyon nan gouvènman peyi sa yo, gendwa kopye travay sa a san yo pa bezwen mande otorizasyon alavans. Nap sèlman mande yo pou yo toujou site kote yo jwenn enfòmasyon yo, epi pou yo enfòmè CEPALC pou kopi yo fè a.

Sa ki nan dokiman an

Rezime	5
Entwodiksyon	7
I. 1e Tematik	
"Pa kite pèsonn dèyè", epi matris inegalite sosyal yo	9
A. 1e Pati Pwoteksyon sosyal total, djanm, dirab, pou tout moun.....	9
B. 2èm Pati Zafè dwa moun, ak matris inegalite sosyal yo.....	10
C. 3èm Pati Wòl fanm ak gason	10
D. 4èm Pati Divès etap lavi a (timoun ak tigranmoun).....	11
E. 5èm Pati Dwa moun ki andikape yo.....	11
F. 6èm Pati Politik pwoteksyon sosyal yo nan kominote yo.....	12
II. 2èm Tematik	
Pwoteksyon sosyal	13
A. 1e Pati Definisyon ak fonksyon pwoteksyon sosyal la	13
B. 2èm Pati Pwoteksyon sosyal: sistèm kontribisyon an	14
C. 3èm Pati Pwoteksyon sosyal: sistèm ki pa chita sou kontribisyon yo	14
D. 4èm Pati Ekspansyon bidjè yo, ak finansman pwoteksyon sosyal la an Ayiti.....	14
III. 3èm Tematik	
Pwomosyon sosyal ak entegrasyon pwofesyonèl	17
A. 1e Pati Konsèp pwomosyon sosyal la / Entegrasyon pwofesyonèl	17
B. 2èm Pati Endikatè sou mache travay la, ak sous enfòmasyon yo.....	18
C. 3èm Pati Fòmasyon pwofesyonèl ak entegrasyon: politik aktif pou mache travay la	19
D. 4èm Pati Gouvènans ak devlopman ekonomik nan zòn riral yo	19

IV. 4èm Tematik

Kad enstitisyon politik sosyal yo ak zouti yo	21
A. 1e Pati Kad enstitisyon politik sosyal yo	21
B. 2èm Pati Sistèm enfòmasyon pou pwoteksyon sosyal la, ak anrejistreman benefisyè potansyèl yo	22
C. 3èm Pati Sistèm pwoteksyon sosyal kont katastwòf yo	22
D. 4èm Pati Evalyasyon ak swivi pwogram sosyal yo	23
Anèks Lis prezantatè yo	25

Rezime

Ti dokiman sa a prezante yon rezime sou leson ki nan fòmasyon adistans "Pwoteksyon ak pwomosyon sosyal" la. Se Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC) ki te pwopoze li epi ki te fè li, nan Enstiti pou Planifikasyon Ekonomik ak Sosyal nan Amerik Latin ak Karayib la (ILPES). Fòmasyon adistans sa a konsantre sou zafè pwoteksyon ak pwomosyon sosyal yo. Li mete yo nan pèspektiv rejyon an, espesyalman pou Amerik Latin ak Karayib la. Li te kreye nan kontèks Politik Nasyonal pou Pwoteksyon ak Pwomosyon Sosyal la (PNPPS) an Ayiti, pou li te vin kore konesans anplwaye Leta yo nan Ministè Afè Sosyal ak Travay, oswa nan lòt enstitisyon tou, pou yo aplike yon kalte politik sosyal ki efikas, ki dirab, epi ki solid.

Entwodiksyon

Pwoteksyon sosyal la se yon travay enpòtan pou Leta fè, nan objektif pou yo pwoteje tout moun ki viktim ensekirite sosyal, epi pou yo fin konble tou tout vid ki fè moun yo pa jwenn sèvis nan men Leta, ni yo pa genyen yon antre lajan ki pou pèmèt yo viv ak diyite. Sistèm pwoteksyon sosyal yo chita sou yon seri dispozisyon ki pou ofri garanti ak solidarite pou tout moun, pou kore dwa moun yo, byennèt yo, ak bon jan patisipasyon pou tout moun nan sosyete a. Sistèm sa yo sansib lè genyen chanjman nan sosyete a (espesyalman nan demografi ak ekonomi), ki fè pwoteksyon sosyal la toujou ap transfòme, epi fòm li kapab varye nan divès kalte reyalyte. Men li se yon dwa fondamantal, ki tabli nan tout kalte trete ak konvansyon entènasyonal, tankou Trete pou dwa sivil ak dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo.

Ajanda 2030 pou devlopman dirab la vin pote lòt ankourajman toujou pou yo aplike politik sosyal sila yo tout kote sou latè. ¹⁷ Objektif devlopman dirab yo vin fè pi gwo defi yo parèt aklè, pou sosyete yo vin genyen plis jistis, plis egalite, ak plis respè pou anviwònman an. Konsa tou, yo idantifye kisa ki lakòz vilnerablite yo, ak kisa ki fè inegalite yo vin pi mal, epi yo fasilite pou yo konprann ki aksyon konkrè ki pou pran, espesyalman nan zafè entèvansyon sosyal la.

Nan rejyon Amerik Latin ak Karayib la, sa enpòtan anpil pou yo aplike yon kalte sistèm pwoteksyon sosyal ki respekte endikatè devlopman dirab sila yo, poutèt inegalite yo nan rejyon an vin pi mal, anba yon seri kalte kriz ki parèt youn dèyè lòt —kriz politik, anviwònman, sante ak ekonomi. Epidemi COVID-19 la sitou, se te yon gwo defi nan rejyon an, ki te fè gouvènman yo oblije mete yon kalte dispozisyon espesyal, pou bay sosyete yo asistans. Men, kalte ijans ak vilnerablite lòt nivo ki te frape yon pati nan popilasyon yo, te montre aklè yo bezwen dispozisyon depi anlè, yo bezwen prevansyon.

An Ayiti, PNPPS ki te adopte nan lane 2020 an se te yon bèl egzanp nan sans sa a, yon temwayaj sou volonte gouvènman an te genyen pou li mete aksyon sosyal li yo nan nivo enstitisyon yo, pou yo te kapab reziste anba kriz yo. Men, se yon gwo travay pou yon Leta mete kanpe yon sistèm asistans sosyal dirab pou tout moun. Se yon defi ki mande yon trè bon konpreyansyon sou kisa ki lakòz vilnerablite yo, epi kijan Leta a fonksyone.

Fòmasyon sa a se pou anplwaye Leta yo direktman, sila yo ki nan direksyon santral ak direksyon depatmantal yo nan Ministè Afè Sosyal ak Travay, pou yo analize dosye sa yo pi byen, pou yo kapab pote kole nan jefò pou yo mete kanpe yon politik nan nivo sa a. Fòmasyon an genyen yon apwòch teyorik e pratik, pou li jere gwo defi ki genyen nan zafè bati yon kalte sistèm pwoteksyon sosyal ki efikas, ki dirab, epi ki djanm, nan reyalite rejyon Amerik Latin ak Karayib la. Anba direksyon yon gwoup espesyalis nan domèn sa a, ki se ekspè oswa konsiltan nan CEPALC, fòmasyon an ofri yon seri zouti sou konsèp ak metòd yo, pou pran aksyon konkrè. Plizyè nan zouti sa yo chita sou yon seri rekòmandasyon ki klè, ki pedagogik, pou kreye yon kalte politik ki nan menm liy avèk Objektif devlopman dirab yo. Nan chak sesyon fòmasyon an, yo pral bay plizyè egzanp sou lòt inisyativ ki gentan egziste nan rejyon an, oswa ki sanble avèk reyalite Ayiti a, pou yo esplike divès kalte pwogram oswa dispozisyon yo pral prezante yo.

Fòmasyon an chita sou kat gwo tematik, ki genyen plizyè lòt pati anndan yo. Enfòmasyon ki nan chak pati yo genyen videyo avèk prezantasyon power point fòmatè yo fè, ki disponib pou patisipan yo telechaje yo sou platfòm nan. Patisipan yo ap jwenn lòt zouti tou pou konplete, epi lòt referans ak lòt lyen entènèt, pou yo pi byen konprann kèk nan konsèp yo. Genyen plizyè ti egzamen nan fen chak pati, pou patisipan yo teste konesans yo, epi pou yo pase nan pwochen nivo a.

Fòmasyon sa a òganize yon fason pou patisipan yo antre tipa tipa nan zafè pwoteksyon sosyal la, ak divès etap ki genyen nan mete li chita. Kou a kòmanse avèk yon prezantasyon sou gwo pwoblèm politik sosyal yo genyen, nan reyalite gwo inegalite ki egziste nan peyi Amerik Latin ak Karayib yo, epi sou defi Ajanda 2030 pou devlopman dirab la genyen pou li leve. Apresa, li manyen zafè pwoteksyon ak pwomosyon sosyal yo, ki se de kolòn ki pou mete PNPPS la kanpe. Nan fen fòmasyon an, li manyen yon seri dosye sou zouti ak enstitisyon yo, nan demach pou kreye epi pou egzekite dispozisyon ki pou fè pwoteksyon sosyal la konkrè, epi efikas.

I. 1e Tematik

"Pa kite pèsonn dèyè", epi matris inegalite sosyal yo

Premye tematik sa a genyen sis pati, ki pou esplike sitiyasyon an, ansanm avèk gwoup konsèp ki genyen nan fòmasyon an anjeneral. Li prezante gwo pwoblèm pwoteksyon sosyal yo bay patisipan yo, epi li mete pwoblèm sila yo anfas reyalyte Ajanda 2030 pou devlopman dirab la. Apresa, li prezante de kolòn ki genyen nan fondasyon pou bati sistèm pwoteksyon ak pwomosyon sosyal yo: kolòn dwa moun nan, ak kolòn matris inegalite yo. Twa dènye pati yo bay detay sou kèk aspè kle nan matris sa yo, ki se kat pi gwo karakteristik ki fè inegalite yo pi mal nan Amerik Latin ak Karayib la (wòl fanm ak gason, laj moun yo, andikap moun yo konn genyen, teritwa). Twa pati sa yo pral vin kore rezon ki fè politik sosyal yo mande yon seri apwòch ki espesyal pou chak gwoup moun, san yo pa janm retire apwòch ki mande pou tout moun jwenn nan.

A. 1e Pati

Pwoteksyon sosyal total, djanm, dirab, pou tout moun

Alberto Arenas de Mesa

Nan premye pati fòmasyon an, Alberto Arenas de Mesa pral esplike ki rezon ki fè, pou sistèm pwoteksyon sosyal yo ateri, yo mande pou yo genyen kat objektif: fòk yo rive jwenn tout moun (bon jan kalite sèvis ak swen, ki disponib pou tout moun), fòk yo total (yon pwoteksyon lajman laj, nan tout kalte domèn), fòk yo dire (fòk yo toujou genyen bon jan kalite, epi fòk sistèm finans yo byen chita), epi fòk yo djanm (fòk yo kapab reziste anba chòk ak kriz).

Li bay reyalyte finans yo yon enpòtans espesyal. Pou li, yo se yon objektif esansyèl pou enstitisyon piblik yo. Se vre sa enpòtan anpil pou bati yon akò sosyal ak fiskal ki djanm, ki pou fè sistèm pwoteksyon sosyal yo kapab dire.

B. 2èm Pati

Zafè dwa moun, ak matris inegalite sosyal yo

Carlos Maldonado Valera

Nan dezyèm pati sa a, se Carlos Maldonado Valera ki mete baz metodolojik yo nan de kolòn ki genyen nan zafè pwoteksyon sosayl la: kolòn matris inegalite sosyal yo, epi kolòn dwa moun nan.

Nan CEPALC, yo sèvi avèk matris inegalite sosyal yo pou yo gade karakteristik espesyal ki genyen nan kèk gwoup popilasyon an, pou yo kapab adapte fòmilasyon politik piblik yo nan bezwen popilasyon sa yo. Matris la pran twa eleman ki enpòtan anpil pou li esplike inegalite yo, ki se zafè byennèt ak dwa moun yo (dwa pou moun yo travay, dwa pou yo jwenn edikasyon, pou yo jwenn lasante, elatriye), karakteristik ki lakòz oswa ki fè inegalite yo vin pi mal toujou (wòl fanm ak gason, laj moun yo, andikap moun yo konn genyen, elatriye). Epi pou fini, li pran zafè fondasyon reyalite sosyete yo, kote inegalite yo chita (privilèj nan sosyete a, zafè ekonomi, elatriye). Matris sa a ankouraje konstriksyon yon kalte politik ki pou tout moun, men konsa tou ki pran dispozisyon ki espesyal epi ki adapte pou chak gwoup moun nan popilasyon an. Lòt pati yo menm pral vin pi byen analize yon seri lòt karakteristik inegalite yo genyen, ki nan matris la.

Apwòch pou konstwi politik piblik yo sou baz dwa moun nan chita sou respè sis prensip kle nan pwosesis pou yo defini epi pou yo aplike politik sila yo: egalite san diskriminasyon, dispozisyon pou moun yo kapab prezante doleyans yo epi pou yo jwenn jistis, priorite pou gwoup moun ki plis konn sibi diskriminasyon yo jwenn pwoteksyon, patisipasyon tout moun nan sosyete a, anrejistreman enfòmasyon moun yo, epi dispozisyon pou yo jwenn enfòmasyon sila yo, yon fason pou yo garanti transparans ak responsablite, epi respè pou wòl fanm ak gason ak tout lòt diferans. Nan pati sa a, prezantatè a mete aksan sou patisipasyon tout sosyete sivil la lajman laj, ansanm avèk lòt gwoup moun ki se objektif espesyal pou politik piblik yo.

C. 3èm Pati

Wòl fanm ak gason

Nicole Bidegain

Nan premye ka nap analize a, Nicole Bidegain ap prezante aplikasyon zafè wòl fanm ak gason an. Nan apwòch sa a, objektif politik nou bezwen jwenn nan, pou inegalite yo bese nan zafè wòl fanm ak gason yo, se otonomi fanm yo, ki se yon konsèp ki genyen twa eleman ki konplete youn lòt: ekonomik, fizik ak politik. Dapre definisyon CEPALC la, konsèp sa a vle di "kapasite pou fanm yo fè chwa yo pou lavi yo, ak tout libète, ak tout konesans, pou yo kapab egziste epi aji nan sans pwòp aspirasyon pa yo ak pwòp volonte pa yo, nan yon reyalite listwa ki bay yo posiblite sa a" (CEPALC, 2011).

Poutèt konbinezon kondisyon inegalite sila yo, ki prezante nan matris nou sot di a, kreyasyon yon kalte sistèm pwoteksyon sosyal ki efikas, nan yon fason pou li pote solisyon nan zafè inegalite ant fanm ak gason an, toujou mande yon vizyon ki pou touche tout sektè, lajman laj, pou li gade zafè koulè moun, andikap moun konn genyen, laj moun yo, elatriye, ki se kèk nan kondisyon ki konn fè diskriminasyon kont fanm yo pi mal toujou.

Nan Amerik Latin ak nan tout peyi, genyen plizyè zouti teknik ak zouti legal ki kreye oswa ki adopte, depi nan mitan lane 1970 yo, ki vin ankouraje amelyorasyon ak valorizasyon wòl fanm yo nan sosyete a. Prezantatè a ap montre nou divès etap ki pase nan pakou sila a, epi li ap pote konklizyon sou enpòtans ki genyen nan zafè wòl fanm ak gason, ki plis chita sou dwa moun pase sou vilnerablite yo, pou yo mete kanpe politik piblik ak lòt dispozisyon pou fanm yo. Se yon lide li aplike pou ka Ayiti a espesyalman, nan yon refleksyon pou wè ki mwayen ki egziste pou pi byen aplike zafè wòl fanm ak gason an, nan PNPPS 2020 an.

D. 4èm Pati

Divès etap lavi a (timoun ak tigranmoun)

Raquel Santos ak Sandra Huenchuan

Dezyèm ka yap analize a, se zafè laj moun yo nan kreyasyon politik pwoteksyon sosyal yo. Se senk etap ki genyen nan lavi a: timoun piti, gran timoun, jèn yo, granmoun yo, ak tigranmoun. Chak etap yo genyen danje ak vilnerablite pa yo, men konsa tou yo genyen opòtinite espesyal, ki mande pou politik piblik yo pran ka yo.

Timoun ak timoun piti se etap ki pi enpòtan yo, poutèt opòtinite ak danje ki genyen nan laj sa yo pral genyen konsekans nan tout rès lavi a, pou yo jwenn chans pou yo byen epi pou yo byen entregre nan sosyete a. Nan domèn sa a, pou yo konstwi politik piblik pou pwoteksyon sosyal ki efikas, Leta kapab fè entèvanasyon nan twa nivo, ki konplete youn lòt. Li kapab ofri pwoteksyon pou byen ak sèvis pou timoun yo dirèkteman, li kapab ede fanmi ki la pou bay timoun yo pwoteksyon, oswa li kapab mete lalwa ki pou gide oswa ki pou dikte kijan pou granmoun yo aji ak timoun yo nan fanmi yo.

Etdone pwoblèm timoun Ayiti yo genyen plizye dimansyon, Raquel Santos panse li enpòtan anpil pou yo mete yon kalte politik devlopman lajman laj pou gwoup sa a nan popilasyon an, ki dwe genyen dispozisyon pou lasante manman ak timoun yo, pou edikasyon yo, epi pou garanti alimantasyon timoun yo. Pwogram transfè lajan kach sou kondisyon yo, ki egziste nan kèk lòt peyi nan rejyon an ki genyen menm pwoblèm yo, bay rezilta pozitif tou. Yo gendwa ofri yon seri posiblite pou ede sa ki pi piti yo kòmanse lavi yo nan pi bon kondisyon.

Nan prezantasyon Sandra Huenchuan ap fè sou etap tigranmoun nan, pou li konplete rekomandasyon li fè yo, li mete aksan sou jan sa enpòtan pou pran ka moun yo nan divès etap ki genyen nan lavi yo, lè yap konstwi sistèm pwoteksyon sosyal yo. Nan ka Ayiti a, li pran yon seri pwojeksyon estatistik kòm baz, pou li fè nou wè kijan kantite moun ki genyen 60 lane oswa plis yo gen dwa double nan popilasyon an, nan lane 2050 yo. Chanjman sa a gen dwa jenere plizyè konsekans sosyal ki grav, etandone sitiyasyon depandans ak vilnerablite granmoun yo, ki ap vin pi mal toujou. Pou bay moun yo asistans nan tout etap nan lavi yo, sistèm pwoteksyon sosyal yo dwe genyen kapasite pou yo adapte ak divès kalte nesosite nan chak gwoup laj yo, men konsa tou, pou yo pran devan sou mouvman demografi a, yon fason pou yo garanti pou ni finans yo ni enstitisyon ki angaje nan politik sila yo mache byen.

E. 5èm Pati

Dwa moun ki andikape yo

Maria Luisa Marinho

Senkyèm pati a nan tematik sa a ap prezante zafè pwoteksyon sosyal ak entegrasyon moun ki andikape yo.

Konsèp andikape a chanje anpil nan diferan epòk yo, men definisyon ki toujou mete tout kominote entènasyonal la dakò se definisyon Konvansyon Nasyonziini sou dwa moun ki andikape yo. Konvansyon sila a wè zafè moun ki andikape yo tankou yon pwoblèm patisipasyon. Sa vle di yo pa wè li tankou si se yon karakteristik moun yo genyen menm, men tankou si se rezilta yon seri obstak ekstèn, ki gen rapò avèk anviwònman moun yo ap viv ladann nan, epi konpòtman lòt moun nan sosyete a ("lòt moun yo"), ki pa aksepte pou yo patisipe nan sosyete a tout bon vre.

Menm lè nou konprann zafè andikap la pi byen, toujou genyen pwoblèm pou nou kalkile kantite moun ki andikape yo. Anjeneral, toujou genyen diferans nan fason pou yo evalye epi pou yo fè resansman moun ki andikape yo, ki fè li difisil pou yo analize epi pou yo fè swivi dosye sa a nan objektif

devlopman dirab yo. Sepandan, fòk yo pran dispozisyon nan domèn sa a prese prese, poutèt moun ki andikape yo toujou viktim diskriminasyon ak esklizyon, sitou nan domèn edikasyon, travay, ak reprezantasyon politik.

F. 6èm Pati

Politik pwoteksyon sosyal yo nan kominote yo

Luis Riffo

Dènye faktè inegalite yap prezante nan tematik sa a, se zafè kominote yo. Nan prezantasyon lap fè a, Luis Riffo ap esplike kijan pou yo entegre dosye sa a nan konsepsyon ak aplikasyon politik sosyal yo, epi poukisa dosye sila a enpòtan anpil pou yo optimize rezilta politik yo bay.

Nan CEPALC, konsèp kominote a se yon konsèp ki lajman laj, ki dinamik, epi ki genyen plizyè dimansyon. Li se plis pase yon senp referans jewografik, li genyen dimansyon fizik, materyèl, pèsònèl, ak kiltirèl. Konsèp sa a enpòtan nan fòmilasyon politik piblik yo pou twa rezon: li ofri yon esplikasyon espesyal (oswa esplikasyon konpare) pou chak pwoblèm oswa chak fenomèn sosyal, nan reyalyte espas kote yo ye a. Li fasilite entegrasyon kominote lokal yo, ak patisipasyon yo nan pwosesis politik yo. Epi li ankouraje pou tout politik piblik ki sou menm teritwa yo vin entegre youn avèk lòt.

Prensip adaptasyon ak prensip konpleman an, ki prezan nan PNPPS Ayiti a, enskri nan apwòch kominote sa a. Premye prensip la trete zafè enpòtans dyagnostik lokal yo, epi zafè konsiderasyon pou vilnerablite ak nesosite espesyal moun yo nan nivo kominote yo, pou yo konstwi politik piblik ki "adapte". Dezyèm prensip la sèvi pou garanti bonjan kòdinasyon ant divès responsab politik piblik yo, nan divès nivo Leta a, epi pou bay priyorite bay enstitisyon ki konsène yo epi ki pi pre benefisyè yo.

Konsa tou, apwòch nan divès nivo sila yo pral ofri posiblite pou yo jwenn solisyon pou yon seri pwoblèm sosyal ki konplèks, ki genyen orijin yo oswa ki egziste nan divès nivo Leta a. Rasanble enfòmasyon yo se yon egzanp aktivite ki pou fèt nan nivo kominote yo, pou enfòmasyon sila yo sèvi kòm baz pou yon kalte politik piblik lokal oswa nasyonal ki chita sou pi bon enfòmasyon epi ki pi byen adapte.

II. 2èm Tematik Pwoteksyon sosyal

Dezyèm tematik sa a pral konsantre sou domèn pwoteksyon sosyal la, ki se youn nan de konsèp prensipal ki genyen nan fòmasyon an, ki nan fondasyon PNPPS la tou. Li pral montre gwo pwoblèm yo, ak eleman ki pi enpòtan yo, ki se sekirite sosyal, asistans sosyal, ak òganizasyon mache travay la. Li ap pale tou sou kesyon finansman an, ki enpòtan anpil, nan yon pati ki rezève pou kesyon ekspansyon bidjè a, ki esansyèl pou yo aplike sistèm pwoteksyon sosyal la an Ayiti.

A. 1e Pati Definisyon ak fonksyon pwoteksyon sosyal la

Raúl Holz

Pwoteksyon sosyal la genyen plizyè objektif ki menm avèk sa ki nan Ajanda 2030 pou devlopman dirab la. Nan zafè pwoteksyon sosyal la, genyen garanti pou byennèt, genyen sèvis esansyèl yo (lasante, edikasyon, elatriye), genyen jefò pou tout moun yo jwenn travay ki nòmal. Li jwe yon wòl ki esansyèl nan jefò pou kwape enjistis, inegalite, ak lòt bagay ki manke nan devlopman an.

Domèn pwoteksyon sosyal la genyen twa pati: genyen asistans sosyal la, ki se yon pati ki pa chita sou kontribisyon, genyen sekirite sosyal la, ki fonksyone ak kontribisyon moun kap travay yo, epi genyen òganizasyon mache travay la, ki la pou li kreye kondisyon travay ki nòmal pou travayè yo. Leta jwe yon wòl ki detèminan nan kreyasyon ak antretyen yon kalte sistèm pwoteksyon sosyal ki efikas epi ki kapab reziste nan moman kriz yo.

Sistèm sila yo fèt espesyalman pou yo satisfè nesosite popilasyon an menm, nan respè prensip ki mande pou yo satisfè nesosite tout moun, men nan respè pou diferans moun yo tou. Konsa tou, yo mande pou yo dirab, nan respè anviwònman an, epi nan reyalyite finans yo, pou yo kapab fonksyone pou lontan epi pou yo ede moun yo nan tout etap lavi yo.

B. 2èm Pati

Pwoteksyon sosyal: sistèm kontribisyon an

Claudia Robles

Pwoteksyon sosyal sou baz kontribisyon yo chita sou modèl asirans sosyal la: li ofri oswa li bay yon seri benefis pou moun ki peye kotizasyon yo, pandan tan moun yo fè yap travay la. Kifè, moun yo genyen dwa pou yo touche benefis sila yo.

Sekirite sosyal la se youn nan poto mitan pwoteksyon sosyal sou baz kontribisyon an. Se poutèt sa li se youn nan dwa fondamantal ki pwoteje nan Deklarasyon inivèsèl dwa moun nan, epi ki ranfòse nan plizyè enstriman entènasyonal. Li genyen twa pati anndan li: lasante, pwoteksyon sosyal sou mache travay la, epi asistans sosyal. Chak pati sa yo genyen plizyè kalte benefis yo ofri, tankou laswenyay medikal, pwoteksyon nan ka aksidan nan travay, epi asirans pou chomaj.

Nan Amerik Latin ak Karayib la, benefis sekirite sosyal yo toujou genyen gwo pwoblèm pou yo rezoud. Nan reyalite a, plis pase mwatye nan popilasyon ki ap travay yo pap peye kotizasyon nan sistèm pansyon an. Epidemi COVID-19 la te yon gwo pwoblèm tou nan rejyon an, ki fè èd moun yo te konn jwenn yo te vin bese anpil. Sepandan, zouti tankou asirans chomaj yo montre efikasite yo nan èd pou moun ki pap travay yo, menm lè pwoteksyon an poko sifi. Si benefis sa a pi byen devlope, li gendwa ofri yon posiblite pou bay sistèm sekirite sosyal yo plis jarèt, espesyalman nan anpeche kriz ki ka rive.

C. 3èm Pati

Pwoteksyon sosyal: sistèm ki pa chita sou kontribisyon yo

Raúl Holz

Pwoteksyon sosyal ki pa mande kontribisyon an li menm, li chita sou yon lojik asistans, ki jwenn fondasyon li nan solidarite moun ak moun. Li gen dwa sou kondisyon resous ki disponib yo, men li paka sou kondisyon pèman kotizasyon travayè yo. Objektif li se kwape divès kalte lamizè ki egziste.

Li gendwa mache ak divès kalte enstriman: transfè lajan kach, oswa transfè manje ak materyèl (ki konn mande yon seri akò responsablite pataje), sibvansyon pou konsomasyon, oswa lòt kalte benefis ki fèt pou favorize aksè pou jwenn sèvis sosyal yo, politik pou travay (tankou kreyason travay nan ijans, oswa entegrasyon pwofesyonèl, ki pral detaye nan twazyèm tematik la).

Nan Amerik Latin ak Karayib la, kantite moun ki pòv ak moun ki nan lamizè mande pou yo pran dispozisyon prese prese pou yo ofri pwoteksyon ki pa chita sou kontribisyon, ki efikas, epi ki satisfè nesite moun yo. Epidemi COVID-19 la te vin fè gouvènman yo pran dispozisyon nan sans sa a, kifè nan lane 2020 rive 2022 yo, anpil peyi te ofri yon seri modèl transfè lajan kach, pou ede gwoup popilasyon ki te pi vilnerab yo. Toutjan, jefò pou yo ranfòse epi pou yo sistematize dispozisyon asistans sosyal ki pa chita sou kontribisyon yo ap toujou rete yon defi pou anpil tan ankò.

D. 4èm Pati

Ekspansyon bidjè yo, ak finansman pwoteksyon sosyal la an Ayiti

Daniel Dorsainvil

Pwoblèm finansman an se yon pwoblèm santral pou konsolidasyon ak dirabilite sistèm pwoteksyon sosyal yo. Nan katriyèm pati sa a, Daniel Dorsainvil pral prezante egzanp yon zouti ki sèvi pou chèche lòt resous finans pou yo aplike politik yo, ki se ekspansyon bidjè yo. Anjeneral yo sèvi avèk zouti sa a lè resous ki disponib yo depaman avèk nesite yo nan domèn pwoteksyon sosyal la.

Ekspansyon espas bidjè a chita sou twa estrateji ki konplemantè: chèche epi sèvi ak lòt antre lajan ak lòt sous finansman; chèche efikasite pou fè ekonomi nan resous ki la deja yo, oswa sèvi ak resous ki la deja yo pou ede lòt gwoup moun nan popilasyon an espesyalman; sèvi ak resous yo lòt kote.

An Ayiti, lamizè jeneral ansanm avèk yon lòt seri pwoblèm sosyal grav, gen dwa fè metòd sa yo bon, sitou lè nou wè pati bidjè ki pou pwoteksyon sosyal la toujou twò piti, lè nou konpare li avèk lòt kalte depans (tankou touris, oswa enfrastrikti). Pou peryòd 2021-2022 a, lè nou konpare pati kredi pou pwoteksyon sosyal yo avèk total resous lokal yo, yo te 5.8% sèlman. Genyen yon pwoblèm tou nan distribisyon bidjè yo, nan mitan sektè sosyal la menm, ki konn kreye dezekilib oswa twòp konsantrasyon resous yo nan yon sèl domèn (sitou nan edikasyon).

Anjeneral, Daniel Dorsainvil rekòmande twa metòd pou elaji bidjè a, pou ka Ayiti a. Premye metòd la se pou fè depans Leta yo vin pi rezonab. Pa egzanp, yo gendwa bese kantite anplwaye Leta yo, ki double nan dènye ane yo, san yo pa janm amelyore kalite politik piblik yo. Dezyèm pwopozisyon an, se jwenn nouvo resous nan nivo entèn, avèk nouvo dispozisyon pou jwenn lòt resèt oswa lòt kontwòl fiskal (kwape kontrebann nan), oswa nan nivo ekstèn, nan men filantwòp, oswa nan men òganizasyon èd piblik pou devlopman yo. Twazyèm estrateji a se sèvi ak resous ki la deja yo pou lòt bagay, tankou pou yon kalte politik espesyalman pou gwoup moun ki pi vilnerab yo, oswa pou sektè yo konn abitye neglije yo, tankou lasante. PNPPS la ofri solisyon tounèf ak lòt posiblite ki kreyatif, ki mande pou yo analize yo pi byen, epi pou yo aplike yo nan lòt sektè nan Leta a tou.

III. 3èm Tematik

Pwomosyon sosyal ak entegrasyon pwofesyonèl

Tematik sa a ap prezante pwoblèm ak domèn entèkansyon yo pou dezyèm konsèp kle nan PNPPS Ayiti a, ki se "pwomosyon sosyal". Li konsantre sou zafè travay la, espesyalman sou politik pou fè entegrasyon pwofesyonèl moun yo. Dènye pati an pral gade pwoblèm devlopman riral la tou, ki se yon pwoblèm espesyal nan domèn pwomosyon sosyal la. Li konsène yon popilasyon moun ki pa salarye (mikwo-antreprenè, ti pwopriyetè) ki souvan konn pa entregre nan politik sosyal yo, epi ki nan yon kalte sitiyasyon ekonomik ki pa genyen estabilite.

A. 1e Pati

Konsèp pwomosyon sosyal la / Entegrasyon pwofesyonèl

Laís Abramo ak Andrés Espejo

Premye pati sa a ap prezante kad konseptyèl tematik sa a genyen, nan prezantasyon rezon ki fè pwomosyon sosyal la egziste. Laís Abramo pral prezante konsèp "**travay nòmal**" la (nap defini li pi devan), ki kreye nan nivo entènasyonal pou li sèvi kòm baz pou analiz ak entèkansyon piblik yo nan domèn travay la.

Òganizasyon Entènasyonal pou Travay la (OIT) fòmalize konsèp travay nòmal sila a nan lane 1999. Objektif li se ankouraje pou gason ak fanm genyen posiblite pou yo jwenn yon travay ki pwodiktif, ki genyen bon kalite, ak bon jan libète, egalite, sekirite, epi diyite pou moun yo. Konsèp travay nòmal la genyen yon mezi, ki etabli yon baz, yon minimòm. Tout sa ki anba minimòm nan se travay ki pa nòmal. Moun ki travay nan sektè enfòmèl la gendwa nan kategori travay nòmal la, men travay timoun ak tout kalte travay fòse yo, se nan kategori travay ki pa nòmal yo ye.

Konsèp travay nòmal la genyen plizyè dimansyon. Li chita sou kat objektif estratejik: kreye plis travay, ki pi bon toujou, elaji pwoteksyon sosyal la, kore dyalòg sosyal la, epi fè pwomosyon pou dwa tout travayè yo, fanm kou gason, respekte.

Nan dezyèm videyo a, Andrés Espejo ap esplike kijan zafè travay la genyen yon plas santral nan PNPPS Ayiti a, menm jan avèk nan domèn pwoteksyon sosyal la anjeneral, poutèt li se youn nan sektè ki genyen plis konsekans sou pwodiksyon, epi sou soulajman oswa agravman inegalite yo.

Dapre CEPALC, genyen divès kalte obstak ki fè moun yo paka jwenn travay, tankou kapasite pou yon moun jwenn òf travay yo (esklizyon volontè, oswa envolontè), oswa kapasite pou antre sou mache travay la (chomaj ki pèsistan, oswa ki afekte sèten segman nan popilasyon an) oswa kondisyon travay yo, tankou travay enfòmèl, travay ki prekè, travay san kontra. Menm nan travay fòmèl yo, genyen ki pa nòmal pou plizyè rezon (tan travay la twò long, salè a twò ba, elatriye).

Difikilte sa yo vin kontre avèk lòt eleman ki nan matris inegalite a, ki fè li pi difisil toujou pou fanm yo, jèn moun yo, moun ki genyen andikap yo, moun ki nan ras desandan afriken yo oswa endijèn yo, epi migran yo, pou yo jwenn travay. Pwogram entegrasyon pwofesyonèl yo genyen yon misyon pou yo eseye soulaje pwoblèm sa yo, nan ranfòse kapasite yo, epi kreye yon kalte sèvis pou ede moun yo jwenn travay. Pou yo bay rezilta ki dirab epi ki efikas, yo mande yon kòdinasyon avèk lòt domèn nan pwoteksyon sosyal la, epi yon seri dispozisyon ki pou ede gwoup moun ki pi vilnerab yo nan popilasyon an.

B. 2èm Pati

Endikatè sou mache travay la, ak sous enfòmasyon yo

Sonia Gontero

Dezyèm pati nan tematik sa a ap prezante kèk kesyon metodoloji ki esansyèl pou nou konprann zafè travay la nan yon pèspektiv operasyonèl, pou konstwi yon kalte sistèm pwomosyon sosyal ki byen adapte.

Pou nou analize sitiyasyon yon popilasyon dapre endikatè sou travay yo, nap mete popilasyon sa a nan de gwo kategori: popilasyon ki aktif la, kap travay la, ki se tout moun ki genyen laj epi kapasite pou yo travay, epi popilasyon ki inaktif la, ki pap travay, ki se moun ki genyen plis pase 65 lane yo, timoun yo, men konsa tou se elèv lekòl yo, moun ki rete lakay yo pou yo okipe fwaye yo, moun ki andikape yo ki pa kapab travay yo, elatriye.

Nan popilasyon aktif la, "moun kap travay yo" se moun ki genyen travay nan moman an, kit se anplwaye yo ye, kit se endepandan (biznisman kap travay pou pwòp tèt yo), kit se travay nan fanmi yo, oswa travay ki pa peye. Moun ki pa genyen travay yo, men ki disponib pou yo travay epi ki ap chèche travay nan moman an, moun sa yo nan kategori chomaj la.

Avèk kategori sa yo, nap jwenn twa endikatè prensipal yo pou travay, kap montre nou kijan reyalite mache travay la ye nan peyi a, oswa nan rejyon an: to travay la, to chomaj la, to aktivite a. Prezantatè a ap esplike nou kijan pou nou kalkile to sa yo, epi lap montre nou poukisa souvan nou bezwen mete endikatè sila yo nan lòt soukategori, ki pou gade faktè inegalite yo, ki nan matris inegalite a: wòl fanm ak gason, laj moun yo, koulè po moun yo, elatriye. Pou egzanp, an Ayiti, lè estimasyon to chomaj total la te 15% nan popilasyon kap travay la, pou lane 2022 a, nan reyalite a se 35% chomaj ki te genyen pou jèn moun aktif yo, soti 15 lane rive 24 lane. Enfòmasyon sa yo enpòtan anpil pou mete politik piblik ki adapte, pou entegrasyon pwofesyonèl moun yo.

C. 3èm Pati

Fòmasyon pwofesyonèl ak entegrasyon: politik aktif pou mache travay la

Andrés Espejo

Twazyèm pati a ap konsantre sou sa yo rele politik "aktif" pou mache travay la ki genyen objektif pou entegre moun ki nan chomaj yo sou mache travay la, kontrèman ak benefis asistans pasif yo (asirans kont chomaj la, sitou). Politik sa yo souvan vize gwoup ki pi frajil yo nan popilasyon an, epi yo genyen yon latriye enstriman. Nap prezante de nan enstriman sila yo, ki se pwogram edikasyon ak fòmasyon pwofesyonèl yo (EFP), epi sèvis piblik pou ede moun yo jwenn travay. Premye enstriman yo (EFP), ki konsantre sou zafè transmisyon ak ranfòsman konpetans, gendwa genyen plizyè kalte fòm, espesyalman kòm politik pou bay biznis yo asistans, oswa pou fè transfè lajan.

Nan reyalite kriz sosyal ak ekonomik la, apre COVID-19 la, zafè pwoblèm nouvo kalifikasyon yo te vin pi grav toujou, nan sans fòmasyon yo, poutèt li te enpòtan anpil pou yo ede moun kap travay nan sektè ki pi afekte yo, pou yo aprann fè lòt metye. Sèvis piblik pou travay yo, yo menm, objektif yo se bay enfòmasyon sou pòs travay ki disponib yo, pou fè òf travay yo vin jwenn demann travay yo. Enstriman ki pi enpòtan yo, pou fè kontak sa a, se kreye pwofil pwofesyonèl, epi bay priyorite pou moun yo jwenn òf travay ki soti nan ajans yo (ajans piblik yo, men ajans prive yo tou pafwa).

An Ayiti ak lòt peyi nan rejyon an, youn nan pi gwo defi gouvènman yo genyen nan domèn politik aktif pou mache travay la, se entegrasyon jèn moun yo, ki se yon gwoup nan popilasyon an ki espesyalman frajil nan zafè jwenn travay.

D. 4èm Pati

Gouvènans ak devlopman ekonomik nan zòn riral yo

Octavio Sotomayor

Yon lòt defi enpòtan ki genyen tou, se zafè entegrasyon ak devlopman nan zòn riral yo. Zòn sa yo souvan genyen plis pwoblèm lamizè, oswa pwoblèm devlopman, epi li pi difisil pou aksyon piblik yo rive nan zòn sa yo. Prezantatè a pral kòmanse prezante defi ki genyen nan zafè gouvènans ak kapasite Leta yo, nan peyi Amerik Latin ak Karayib yo. Dapre li, li esansyèl pou Leta yo konsolide, epi pou yo kontinye jwe yon wòl aktif nan pwodiksyon ak kòdinasyon aksyon piblik yo nan domèn pwomosyon sosyal la, men pou yo kite lòt aktè kle yo patisipe tou, tankou sektè prive a, oswa sosyete sivil la.

Nan sektè agrikòl la nan denyè lane yo, yo jwenn plizyè nouvo solisyon ki fè prèv yo, sitou pou yo finanse ti pwodiksyon yo, nan nivo fanmi yo. Modèl koperativ la sitou ofri kèk solisyon ki enteresan. Li rasanble kapasite lokal yo, epi li pèmèt pwodiktè ki rasanble yo pou yo jwenn zouti oswa sistèm, pou yo vann pwodiksyon yo pi fasil. Pou jere reyalite bidjè ki limite yo, prezantatè a rekòmande pou nou chèche lòt sous finansman ekstèn, oswa modèl *low cost* la (ki pa chè). Li ofri nou plizyè egzanp nan sans sa a.

Nan fen an, lap prezante divès kalte domèn kote dirijan Leta yo nan rejyon an pral genyen pou yo travay nan pwochen lane kap vini yo, pou yo ankouraje devlopman nan zòn riral yo. Pami domèn sa yo, genyen zafè fètillite tè a ki enpòtan anpil pou yo reyisi objektif pou yo bese lamizè avèk ensekirite alimantè a, epi pwoblèm tè yo ki divize nan men twòp mèt, ki se revè menm pwoblèm nan, ki fè tè yo twò fatige epi rannman yo bese anpil. Men konsa tou, genyen lòt altènativ enteresan ki genlè ap parèt sou mache a, tankou solisyon tou nèf pou yo vann pwodyi yo sou mache lokal la, epi siksè platfòm lavant sou entènèt yo kap monte.

IV. 4èm Tematik

Kad enstitisyon politik sosyal yo ak zouti yo

Aprè yo fin prezante objektif pwoteksyon sosyal yo, epi domèn entèvansyon prensipal PNPPS Ayiti a, katriyèm tematik sa a ap antre pi fon nan pwoblèm ki genyen nan aplikasyon sistèm pwoteksyon ak pwomosyon sosyal yo, pou yo efikas, pou yo dirab, epi pou yo djanm.

A. 1e Pati

Kad enstitisyon politik sosyal yo

Carlos Maldonado Valera

Premye pati a pral sèvi pou fè yon entwodiksyon, epi pou li poze pwoblèm kad enstitisyon yo nan yon fason lajman laj. Pou yo aplike politik sosyal yo, pou yo bay rezilta ki pozitif, yo mande pou yo chita sou yon seri nòm, manda, oswa estrikti nan jan yo òganize, zouti pou jesyon yo, epi mwayen pou finanse yo. Tout sa yo se sa yo rele "kad enstitisyon" yo. Genyen kat dimansyon fondamantal ki parèt: yon dimansyon legal-jiridik, ki mande pou politik yo chita sou dwa moun; yon dimansyon òganizasyon, ki pou delege travay la nan men divès enstitisyon oswa sèvis nan Leta a, pou yo jwenn efikasite nan kòdinasyon yo; yon dimansyon teknik oswa operasyonèl, ki chita sou enpòtans zouti jesyon yo epi kapasite yo bezwen pou yo aplike politik yo; epi yon dimansyon finans, ki chita sou disponiblite resous yo, pou yo finanse politik sa yo.

Kat dimansyon sila yo prezan nan PNPPS ki kòmanse aplike an Ayiti a nan lane 2020. Yo se yon baz esansyèl pou konstwi nenpòt politik piblik ki efikas. Lòt pati ki vin aprè yo ap prezante twa aspè diferan, ki nan dimansyon òganizasyon an (sistèm pwoteksyon sosyal yo lè genyen chòk), epi dimansyon teknik-operasyonèl la (sistèm enfòmasyon ak sistèm evalyasyon ak siveyans yo) nan modèl nou prezante a, pou antre pi fon nan kèk aspè ki esansyèl nan pwoteksyon sosyal Ayiti a.

B. 2èm Pati

Sistèm enfòmasyon pou pwoteksyon sosyal la, ak anrejistreman benefisyè potansyèl yo

Tamara Van Hemelryck

2èm pati nan tematik sa a ap konsantre sou sistèm enfòmasyon sosyal yo, ki se yon zouti kle pou politik sosyal yo rive jwenn tout moun. Gras ak enfòmasyon detaye sistèm sila yo bay sou popilasyon an ak benefis sosyal moun yo gendwa jwenn, yo se yon gid pou konsepsyon politik yo, pou fè swivi benefis yo, epi pou ede nan kòdinasyon divès sèvis administratif yo. Sistèm sa yo sèvi avèk plizyè baz done, ki gendwa genyen plis oswa mwens detay, plis oswa mwens enfòmasyon espesyal, ki soti nan divès kalte sous, tankou ankèt oswa vizit yo fè nan chak fwaye.

Genyen yon konsèp kle yo bezwen pou yo fonksyone, ki se kapasite pou youn mache avèk lòt, pou fè bon jan kòdinasyon ant sistèm yo, aktè yo ak zouti ki rasanble oswa ki sèvi ak enfòmasyon yo. Se konsa sistèm enfòmasyon yo kapab bay divès sèvis Leta yo enfòmasyon sou pwofil sosyal moun yo, pou yo modifiye oswa yo aktyalize enfòmasyon yo lè sitiyasyon moun yo chanje, oswa pou yo bay yo lòt benefis. Sistèm enfòmasyon desantralize sa yo fè li posib pou latrize sèvis piblik yo pataje epi sèvi avèk done yo plizyè fwa, nan yon lojik entegrasyon divès kalte domèn pwoteksyon sosyal yo. Kominikasyon sa a ant divès domèn ak sèvis aksyon sosyal yo fè li posib tou pou nou genyen yon vizyon laj sou pwofil sosyal moun yo, epi pou swiv yo alontèm, pou bay moun yo benefis yo pa t jwenn yo. Pou sitwayen yo, sistèm enfòmasyon sila yo ofri garanti pou yo trete dosye yo avèk efikasite, transparans, ak ekite.

C. 3èm Pati

Sistèm pwoteksyon sosyal kont katastwòf yo

Raúl Holz

Twazyèm pati sa a ap prezante zafè risk katastwòf la, ki se yon tèm ki sanble inevitab nan domèn konsepsyon sistèm pwoteksyon sosyal nasyonal yo, espesyalman lè nap gade tout trajedi ki make listwa Ayiti a. Anjeneral, miltiplikasyon katastwòf yo nan dènye deseni yo, epi dega yo ki toujou pi grav sou popilasyon yo, vin fè li se yon priyorite pou yo aplike sistèm pwoteksyon sosyal kont katastwòf yo, pou reyalize Ajanda 2030 pou devlopman dirab la.

Nan mond lan anjeneral se Peyi ki pi pov yo ki pi afekte anba katastwòf sa yo, ki genyen konsekans imedya oswa alontèm, ki fè vilnerablite ki deja egziste nan popilasyon yo vin pi mal. Pou anpeche yon vire wonn san rezilta, li enpòtan anpil pou yo ranfòse dimansyon prevansyon, soulajman ak rezilyans yo nan pwoteksyon sosyal la. Premyeman, li mande pou fòmilasyon politik pwoteksyon sosyal yo mache men nan men ak jesyon katastwòf yo. Apresa, li mande pou kalte repons yo mete pou katastwòf sa yo akòde avèk pati ki pi enpòtan yo nan estrikti matris inegalite sosyal yo (sitiyasyon sosyo-ekonomik, wòl fanm ak gason, elatriye).

Pou reponn ak yon katastwòf, genyen twa moman kote li posib pou yo fè entèvansyon: yon faz prevansyon "ex ante", ki chita sou idantifikasyon ak tretman vilnerablite yo; yon faz soulajman pandan kriz la, kote yo pral bay èd ijans pa egzanp; epi yon faz rekiperasyon ak adaptasyon apre dezast la, kote yo pral bay asistans toujou, pandan yon sèten tan.

Nan tout ka sa yo, li esansyèl pou kòdinasyon ant pwoteksyon sosyal ak jesyon risk ak dezast yo fèt nan nivo enstitisyon yo, espesyalman nan kòdinasyon ant enstitisyon ki responsab domèn sila yo menm. Se poutèt sa li enpòtan pou entegre Ministè devlopman sosyal yo nan aplikasyon sistèm jesyon katastwòf nasyonal yo, nan kontèks Amerik Latin ak Karayib la.

D. 4èm Pati

Evalyasyon ak swivi pwogram sosyal yo

Humberto Soto de la Rosa

Dènye pati nan tematik la ap prezante yon kesyon metodoloji ki enpòtan, ki genyen rapò avèk pwosesis aplikasyon pwogram sosyal yo: kesyon swivi ak evalyasyon an. Toulède mekanis sa yo dwe entegre tout bon vre nan pwosesis pou yo defini politik piblik yo. Yo la pou yo garanti yon enpak ki reyèl epi ki pozitif sou pwoblèm sosyal yo idantifye yo.

Swivi pwogram yo la pou li garanti bonjan aplikasyon yo. Li vin mete yon fòm siveyans nan pwosesis aplikasyon an, ki fèt nan kontwòl materyèl sou aktivite pwogram nan, avèk verifikasyon finans yo pou ekilib bidjè a, epi yon ankèt lajman laj avèk aktè prensipal yo.

Evalyasyon an se yon dezyèm mekanis ki enpòtan. Objektif li se pou kontwole pèfòmans pwogram piblik yo, nan sans enpak ak konfòmite rezilta yo parapò avèk objektif epi pwodyi yo te defini yo. Evalyasyon yo kapab fèt nan divès moman nan pwosesis fòmilasyon politik yo. Lè yo fè li *ex ante*, ki vle di nan moman konsepsyon pwogram yo, se li ki pou deside si pwogram yo kapab aplike. Lè yo fè li *ex post*, ki vle di nan moman aplikasyon an, oswa apre pwogram nan fini, li la pou li detèmine si pou pwogram nan kontinye, epi si li mande pou yo replike li nan lòt kontèks oswa lòt domèn nan aksyon piblik la. Konsa tou, li ede pou yo rezoud nenpòt pwoblèm ki kapab genyen.

Toulède levye sa yo, ki sèvi nan aplikasyon politik piblik yo, enpòtan anpil nan nenpòt ka pou garanti siksè yon pwogram sosyal. Yo mande yon atansyon ak yon planifikasyon espesyal nan PNPPS Ayiti a.

Anèks

Lis prezantatè yo

- Laís Abramo
Konsiltan, ansyen Direktris Divizyon devlopman sosyal la
Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC)
- Alberto Arenas de Mesa
Direktè Divizyon devlopman sosyal
Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC)
- Nicole Bidegain
Espesyalis afè sosyal
Divizyon zafè wòl fanm ak gason
Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC)
- Daniel Dorsainvil
Konsiltan
Ansyen Minis Ekonomi ak Finans peyi Ayiti
- Andrés Espejo
Asistan prensipal nan rechèch sou afè sosyal
Divizyon devlopman sosyal
Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC)
- Sonia Gontero
Espesyalis afè ekonomik
Divizyon devlopman ekonomik
Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC)

- Raul Holz
Espesyalis afè sosyal
Divizyon devlopman sosyal
Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC)
- Sandra Huenchuan
Espesyalis demografi
Inite devlopman sosyal
Syèj CEPALC pou soureyon an nan peyi Meksik
Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC)
- Carlos Maldonado Valera
Espesyalis afè sosyal
Divizyon devlopman sosyal
Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC)
- Maria Luis Marinho
Espesyalis afè sosyal
Divizyon devlopman sosyal
Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC)
- Luis Riffo
Asistan prensipal pou rechèch
Enstiti pou Planifikasyon Ekonomik ak Sosyal nan Amerik Latin ak Karayib la (ILPES)
- Claudia Robles
Espesyalis afè sosyal
Divizyon devlopman sosyal
Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC)
- Raquel Santos
Espesyalis afè sosyal
Divizyon devlopman sosyal
Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC)
- Humberto Soto de la Rosa
Espesyalis afè sosyal
Inite devlopman sosyal
Syèj CEPALC pou soureyon an nan peyi Meksik
Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC)
- Octavio Sotomayor
Espesyalis afè ekonomik
Inite devlopman agrikòl nan Divizyon resous natirèl
Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC)
- Tamara van Hemelryck
Konseye pou Sousekretarya pou evalyasyon sosyal
Ministè Devlopman Sosyal ak Lafanmi nan peyi Chili

Ti dokiman sa a prezante yon rezime sou leson ki nan fòmasyon adistans “Pwoteksyon ak pwomosyon sosyal” la. Se Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib la (CEPALC) ki te pwopoze li epi ki te fè li, nan Enstiti pou Planifikasyon Ekonomik ak Sosyal nan Amerik Latin ak Karayib la (ILPES). Fòmasyon adistans sa a konsantre sou zafè pwoteksyon ak pwomosyon sosyal yo. Li mete yo nan pèspektiv rejyon an, espesyalman pou Amerik Latin ak Karayib la. Li te kreye nan kontèks Politik Nasyonal pou Pwoteksyon ak Pwomosyon Sosyal la (PNPPS) an Ayiti, pou li te vin kore konesans anplwaye Leta yo nan Ministè Afè Sosyal ak Travay, oswa nan lòt enstitisyon tou, pou yo aplike yon kalte politik sosyal ki efikas, ki dirab, epi ki solid.

